



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU SELEBRE JOUNEN
VIZIBILITE TRANSEKSYÈL YO**

Yo pral limen moniman Eta yo pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo

Gouvènè a pibliye [mesaj videyo](#) ki afime angajman Eta New York pou l sipòte moun transeksyèl, ki pa binè ak ki pa konfòme ak sèks yo

Li pwoklamasyon Jounen Vizibilite Transeksyèl yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon pwoklamasyon ki deklare 31 mas 2023 kòm Jounen Vizibilite Transeksyèl (Transgender Day of Visibility) yo, pou selebre kominote transeksyèl la nan Eta New York ak atravè peyi a. Gouvènè a te anonse tou ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an woz, blan ak ble aswè a, 31mas pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo.

"Pandan lejislasyon atravè peyi nou an ap atake dwa moun transeksyèl yo, Eta New York rete fèm nan angajman nou pou pwoteje kominote a isit la ak atravè mond lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a ak chak jou, mesaj mwen bay kominote transeksyèl, ki pa binè ak ki pa konfòme ak sèks la se konsa: nou wè nou, nou apresye nou, epi nou byen byenvini nan New York kèlkeswa sa ki rive".

N ap jwenn mesaj videyo Gouvènè a pou onore Jounen Vizibilite Transeksyèl yo [isit la](#).

Moniman yo ki pral limen pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo gen ladan:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon

- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418